



Repiblik Aviti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Diskou

Jodi a se lansman mwa lang kreyòl. Akademi Kreyòl Ayisyen, Ministè kilti, Inivèsite Leta a ak anpil lòt enstitisyon ap kolabore pou òganize yon seri aktivite ki ap bout 28 oktòb, joune entènasyonal lang kreyòl. Si kreyolist nan tout peyi ki pale kreyòl chwazi dat sa a pou selebre lang manman nou, an Ayiti, nou pran tout mwa oktòb la pou selebre lang ak kilti kreyòl. Pouki desizyon sa a?

Lang ak kilti

Lang ak kilti pa depaman. Lang ak kilti se lanvè lan dwat yon menm reyalite. Lang se nanm kilti, lang se ekspresyon kilti. Chwa fete lang ak kilti kreyòl enpòtan pou nou konprann, pou pwofesè nou yo konprann ke anseye kreyòl pa rete nan gramè, vokabilè. Pwovèb, chwa mo nou itilize, chwa konsèp nap kreye bay anpil ransèyman sou fason nou panse. Etid lang ak kilti kreyòl dwe vize laji konpreyansyon ti moun nou yo pou konprann sosyete yo ap viv la, pou yo konprann youn ak lòt. Lekòl nou yo pa dwe kontinwe ap divize nou. Nou dwe travay pou nou genyen yon lekòl pou Ayiti. Lang ak kilti kreyòl se youn nan eleman nan fondasyon nouvell lekòl sa a. Fete lang ak kilti kreyòl se yon desizyon ki dwe kondi nou nan chimen refleksyon sou noumenm, sou rol lang ak kilti genyen nan soude nou youn ak lòt.

Ayiti, yon sosyete miltikiltirèl?

Eske Ayiti se yon sosyete miltikiltirèl? Gen moun ki ap di wi, gen lòt ki pap dakò. Dakò ou pa, gen yon reyalite nou pa ka ignore : kilti ouvè lespri nou sou ki jan lòt moun panse, ki jan yo ap viv. Souvan moun ki ap viv nan vil pa konprann lòt ki ap viv nan kanpay. Mwa lang ak kilti kreyòl dwe fè nou reflechi sou nesosite pou nou brase nan lekòl esperyans lavi nan vil ak lavi nan kanpay. Pou nou bay yo tout valè. Nou dwe òganize sòti nan tout rakwen peyi a pou timoun la vil al wè ti moun nan mòn, pou ti moun nan mòn vini wè timoun la vil. Chwa fete lang ak kilti kreyòl nan mwa oktòb la dwe yon okazyon pou nou deside tout bon san ipokrizi ki sosyete nou vle nan 10 an nan 15 an. Mwa oktòb la dwe yon mwa aksyon. Li pa dwe yon mwa bèl pawòl pou nou bat bèl bravo sèl man

Objektif pou mwa oktòb sa a e pou ane ki ap vini yo



Repiblik Aviti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Nou dwe vize fè pwomosyon mizik nou, literati nou, penti nou. Nou dwe mande leta pou li chita ak medya yo. Ansanm pou yo pran desizyon sou ki fason pou yo travay pou valorize lang ak kilti kreyòl. Nou dwe mande leta pou mete lajan pou nou gen plis emisyon ki mete an valè reyalyte kiltirèl nou. Lekòl nou yo dwe aprann di moun nou yo mizik, penti. Ti moun nou yo dwe danse dans nou, dwe chante bèl chante ki chaje ak bèl pawòl. Mwen swete nou òganize konkou chante kreyòl pou ti moun. Na vilgarize pi bèl chante yo, na aprann timoun nou yo chante yo, analize pawòl yo. Pou nou valorize lang ak kilti kreyòl, fòk nou viv an kreyòl.

Lang ak kilti kreyòl ak Ekonomi

Kilti marye ak ekonomi. Mwa lang kreyòl la dwe aprann nou apresye sa nou fè lakay nou. Pa gen kòdonye ayisyen ankò, nou ba bwè akasan ankò. Anpil, anpil ayisyen ta ka travay si nou deside chanje konpòtman nou nan jan nou manje, nan jan nou abiye. Mwa lang ak kilti kreyòl dwe fè nou reflechi sou tout pwoblèm sa yo. Si nou kòmanse poze pwoblèm yo san ipokrizi, mwen kwè nou ap fini pa jwen solisyon yo. Mwen swete nou òganize deba piblik sou wòl nouvèl lekòl ki dwe fasilite brasaj sosyal la Nou dwe òganize kòlòk sou apò lang ak kilti kreyòl nan ekonomi peyi a. Nou dwe bay moun nan mòn ak moun la vil lapawòl plis nan medya yo. Pa yon pawòl tèt anba. Yon pawòl ki ap di san epokrizi kouman nou ye, defo nou, kalite nou. Medya yo dwe okipe lespri pèp la ak pawòl pou li reflechi.

Mezye, medam, inivèsite a menm jan li te batay pou mete akademi kreyòl Ayisyen an kanpe promèt li ap toujou bay sipò li nan tout aktivite ki ap fè pou pwomosyon lang ak kilti kreyòl. Youn nan enstitisyon inivèsite ya ki se fakilte lengistik ap la pou pote kontribisyon li. Mwen pwofite okazyon sa pou remèsye tout pwofesè nan fakilte lengistik ki patisipe nan tout aktivite Akademi an.

Mwen envite nou, inivèsite yo, ministè yo, piblik la patisipe nan Foròm sou plas ak ròl lang ak kilti kreyòl nan anseyman siperyè, 16 oktòb ki ap vini la.

An kontinye kole zepòl ak zepòl, akademi an inivèsite a, biwo alfabetizasyon an, ministè kilti a, ministè ekikasyon nasyonal la, biwo etnoloji a pou nou travay pou nou mete an valè lang nou ak kilti nou, lang ak kilti nou pou devlopman peyi nou.

Oktob 2015